

**URUT-URUTANE NGIBADAH NGELINGI TAUN KAMARDIKAN
SING PING 75 REPUBLIK INDONESIA
SINODE GEREJA-GEREJA KRISTEN JAWA**

JUDUL:

**“NGRASAKNA KAMARDIKAN SING TEMENANAN KUWE
KUDU LEWIH BUNGAH KARO POLAH SING APIK”**

SIAP – SIAP

- ✓ Kabeh Petugas padha mapan nang panggonan sing wis desedhiakna
- ✓ Umat mlebu maring nggon ngibadah karo detabuhi tembang-tembang perjuwangan/nasional.
- ✓ Bel moni ping telu, Umat padha ngadeg
- ✓ Umat nembangna ***Kidung Pasamuwan Jawi 360 : 1-4 “Indonesia Nagri Endah”*** (Sing nggawa gendera abang putih, angka pitungpuluh lima nidhokna kamardikane Indonesia, lilin werna abang sing wis murub, Pradata karo pemimpin ngibadah mlebu maring nggon ngibadah liwat lawang ngarep).

Umat Ngadeg

VOTUM LAN SALAM

P : Kamardikane Indonesia deparingi dening Gusti Allah nggo awake dhewek, sekang perjuwangane pejuwang sing gipyak karo rila ngorbanna awake kanggo kamardikane bangsa Indonesia. Mayuh awake dhewek pada bareng-bareng ngibadah nggo ngeling-ngeling kamardikane bangsa Indonesia, mayuh padha ngakoni nek: “Pitulungane awake dhewek kuwe anane nang njerone asmane Gusti Allah sing nyiptakna langit karo jagad kiye. Sih Rahmat karo tentrem rahayu sekang Gusti Allah Ramane awake dhewek karo Gusti Yesus Kristus mudhun maring rika padha. Amin.

U : Nembang ***Kidung Pasamuwan Jawi 9:1-2***

Umat Njagong

BUKAKAN

PL : Maca Babade Crita :

Dhong inyong ana nang daleme Paduka, Gusti!

Inyong ngrasakna temenan kayangapa sih rahmate Paduka.

Tresnane Paduka maring inyong gedhe banget kawit ganu gutul siki.

Ningen, inyong ora tau mujudna sukure inyong maring Paduka.

Kekarepane inyong dhewek sing mbanda inyong gutul siki.

Gusti, inyong kepingin deuculi, inyong kepingin deudhari, inyong kepingin merdheka sekang kabeh sing njiret inyong karo karepe

inyong dhewek sing gedhe karo kesenengane inyong.

Kaya Gusti sing ngudhari para pahlawan bangsa kiye sekang kekarepane dhewek-dhewek.

Nganti padha dadi siji nggoleti kersane Gusti nggo Indonesia.

Berjuwang bareng-bareng nggo merdhekane bangsa sing ditresnani kiye.

Gusti malah ngrobah bandane penjajah dadi brekat sing ngraketna bangsa kiye.

Gusti Allah wis ngewehi kamardhikan nggo bangsa Indonesia.

Dadekna atine inyong kaya atine para pejuwang, Gusti!

Ben inyong kabeh padha teyeng nguculi banda sing njajah ati karo uripe inyong padha.

Ben inyong padha teyeng merdheka temenan.

U : Nembang ***KP Jawi Lami 132:1-2 "Tinebus babar pisan"***.

NGACA MANING

PL : Sedane Gusti kuwe wujud nyata tresnane Gusti maring umate sing kakehan dosa. Getih-E sing manthur karo ragaNe dekorbana nggo korban sing wutuh. Kaya sing detulis nang **Galatia 5:1**, sing monine kaya kiye: *"Ben awake dhewek merdheka temenan, Gusti Yesus wis merdhekakna awake dhewek. Mulane padha ngadega sing jejeg, aja gelem deblandari pangawulan maning"*.

Mayuh padha bareng-bareng ngeling-ngeling apa sing dadi labuh-labete para pahlawan bangsa Indonesia, merga tresnane maring Indonesia ben merdheka.

U : Nembang ***KP Jawi Lami 123:1-3***

Umat Ngadeg

WERTA SIHRAHMATE GUSTI

P : Kayangapa Gusti Allah gole nresnani awake dhewek liwat anakE sing mung siji thil, ngasi awake dhewek padha merdheka temenan. Allah weweh pangapura maring saben wong sing gelem ngakoni salahe. Nek awake dhewek wis demerdhekakna, kudune awake dhewek ya kaya wong sing merdheka temenan. Nek bangsa kiye gole merdheka wis 75 taun suwene, kudune uripe ya wis merdheka temenan. Ningen kudu deakoni nek awake dhewek tesih lewih sering urip nang pangawulan. Siki cetha banget, nek singgetan-singgetan sing mbedak-mbedakna degawe tambah dhuwur, ningen ana maning sing kepengin kabehane depadhakna. Jan-jane awake dhewek kuwe padha gelem demerdhekakna temenan apa ora?

MBABAR SABDANE GUSTI

a. Donga epiklese

b. Wacan sing wiwitan

L : Macakna sekang Yesaya 66 : 18 – 23. Kaya kiye Sabdane Gusti

- 18) Ingsun ngenal kabeh kelakuan lan rancanganne wong – wong kuwe lan Ingsun teka nggo ngumpulna kabeh bangsa sekang kabeh bangsa lan wong – wong kuwe arep teka ndeleng kamulyane Ingsun.
- 19) Ingsun arep ngesog tenger nang tengah – tengah wong – wong lan arep ngutus sekang anatarane wong – wong kuwe wong – wong sing ora kenang maring bangsa – bangsa, yakuwe Tarsis, Pul Lan Lud, meng Mesekh lan rosh Meng Tubal lan Yawan meng Pulo – pulo sing adoh durung tau krungu warta ngenani Ingsun lan sing durung tau weruh kemulyane Ingsun nang antarane bangsa – bangsa.
- 20) Wong – wong kuwe arep nggawa sedulure kowe antarane kabeh bangsa dadi korban nggo Gusti nang ndhuwur jaran lan kreta lan nang ndhuwur tandhu, nang ndhuwur belo jaran kacang, nang ndhuwur onta sing banter, meng ndhuwur gununge Ingsun sing suci, meng Yerusalem, Sabdane Gusti, padha kaya wong israel nggawa korban nang njero wadhah sing suci nang umah e Gusti.
- 21) Uga sekang anatarane wong – wong kuwe bakal tek jikot imam – iman lan wong – wong lewi sabda Gusti.
- 22) Merga padha kaya langit sing anayar lan jagad sing nang ngarepe ing sun. Sabdane Gusti kaya kuwe, Lha kuwe kaya kuwe brayate kowe lan jenenge kowe arep ajeg manggon.
- 23) Wulan ganti wulan, lan sabat anti sabat, banjur kabeh manugsa bakal teka arep padaha sudud nyembah.

Kaya kuwé Sabdané Gusti Allah

U : MUJI SUKUR MARING GUSTI ALLAH!

c. Antar Wacanan

L : Macakna utawa ngidungna Jabur 130

Diceluk Nang Sajerone Panlangsan

- 1) Tembang wektu agi nang nggon kramat. Sekang jurang sing jero inyong ndonga maring Panjenengan, Duh Gusti!
- 2) Gusti, rungokna swarane inyong ! Muga muga talingane panjenengan nggatekna panjalukane inyong

- 3) Angger Panjenengan, duh Gusti, ngeling ngeling keluputan keluputa. Gusti sapa sing tahan?
- 4) Ningen nang Panjenengan ana ampunan, Ben Panjenengan diwedeni wong
- 5) Inyong ngenteni Gusti, roh e inyong ngeten-nteni lan inyong ngarep – arep sabda-Ne
- 6) Roh e inyong ngarep-arep Gusti lewih sekang pengawal ngarep-arep esuk, lewih sekang pengawal ngarep-arepesuk.
- 7) Ngarep-arep maring Gusti. Hai israel! Merga sih katresnan ana nang ngarsane Gusti, lan kiyambeke sering mbebasna.
- 8) Kiyambek e sing bakal mbebasna israel sekang kabeh keluputan e.

Kaya kuwé Sabdané Gusti Allah

U : MUJI SUKUR MARING GUSTI ALLAH!

d. Wacanan sing keloro

L : (Macakna Galatia 5 : 13 – 15) Kaya kuwé Sabdané Gusti Allah!

- 13) Sedulur-sedulur, pancen kowe uwis dijeluk kon dadi wong bebas, ningen bebasa kuwe aja nggo urip nang dosa, malah kudune padaha tulung – tinulungan lan tresna-tinresnan maring sepadha-padha.
- 14) Merga kabeh angger-anggere nabi musa wis diringkes nang sawijine perintah kiye
- 15) Ningen sing waspada ben ko-padha ora kaya kewana galak sing padha cokot-cokotan lan padaha dene ngeleb, malah kowe pada dhene ngremuk.

Kaya kuwé Sabdané Gusti Allah

U : MUJI SUKUR MARING GUSTI ALLAH!

e. Wacanan Injil

P : Wacan Injil Yésus Kristus sing dijikot sekang Injil Matius 8 :1 - 13

- 1) Wektu Yesus mudun sekang bukit, akeh wong singngetuna kiyambeke.
- 2) Wektu kuwe ana wong lara lepra teka sujudkaro ngomong:”ndar, angger Panjenengan kersa, Panjenengan teyeng namabani inyong
- 3) Banjur Yesus ngeluna astane lan ngemek wong kuwe karo ngendika : “wektu kuwe uga larane ilang lan wong kuwe mari”
- 4) Banjur Yesus ngendika maring dhewekke : “aja diomongna maring sap-sapa bab kiye. Ningen lungaa, tidokna awake kowe maring imam ben imam kuwe nentokna angger kowe wis mari. Banjur aweh persembahan kurban maring Gusti Allah. Kaya sing diperintehna Nabi Musa, nggo bukti maring wong-wong nek kuwe uwis bener-bener mari.

Yesus nambani Bature Perwira Roma

- 5) Wektu Yesus mlebu kota kapernaum, sawijine perwira roma teka nemoni Yesus lan jaluk tulung maring kiyambeke
- 6) Perwira kuwe ngomong i “Ndara, bature inyong lara lumpuh nang umah lan dheweke agi ngrasakna lara banget
- 7) Yesus ngendika : inyong arep teka nambani dheweke.”
- 8) Perwira kue semaur : “Ora usah ndara, Panjenengan ora usah dadi gawe rawuh meng umahe inyong, merga inyong ora patut nampa Panjenengan. Panjenengan ngendika bae Sakalimah bae sekang kono mengko tuli bature inyong mari.
- 9) Merga inyong- dhewek batur sing ana nang ngisor wong liya sing luwih duwur pangkate lan nang ngisore inyong ana uga prajurit. Angger annger inyong ngongkon salah sijine prajurit, kowe lunga! Mesthi Dheweke bakal lunga; utawa maring liyane; ngeneh! Mesthi dheweke bakal ngeneh. Uga maring bature inyong lakokna kiye! Mesthi dheke bakal nglakokna!
- 10) Wektu Yesus midanget apa sing diomong nang perwira kuwe. Kiyambek e menge. Banjur kiyambeke ngendika amringf wong-wong sing padha ngethutna : “Inyong ngomong Rik-Padha” Inyong durung tau tumon iman segdhene iman e wong sing dudu yahudi kiye nang tengah – tenga bangsa israel.
- 11) Inying ngomong maring rika-padha, akeh wong teka sekang wetan lan kulon njagong lan mangan bareng karo leluhure dhewek Abraham, Iskhak, Yakub nang krajen Sewerga.
- 12) Mbangkane wong sing kududadi umat e Gusti Allah arep dibuang meng njaba nang gon sing paling peten. Nang kan anane panlangsan lan kerot untu
- 13) Banjur Yesus ngendika maring perwira kuwe : “Balìa, apa sing dipercanani kowe uwis kedaden.” Wektu kuwe uga bature mari.

Kaya kuwé miki Werta Apik ngenani Yésus Kristus. Sing begja yakuwé wong-wong sing ngrungokna lan nguripi Sabdané Gusti Allah. Haleluya.

U : Nembang Haleluya – Amin 3X)

f. Khotbah

g. WEKTU NGGO NGENINGGNA PENGAKUAN IMAN RASULI

PL : Bareng-bareng karo umaté Gusti Allah nang seturute zaman karo nang endi baen panggonan, mayuh awake dhéwék padha ngakoni precayane awake dhéwék nuruti Pengakoné Iman Rasuli...
Inyong precaya maring Gusti Allah Rama sing mahakuwasa,

*Sing ndadekna langit karo jagad,
Karo maring Yésus Kristus, Anaké Gusti Allah sing mung siji-sijine, yakuwé Gustiné awake dhéwék padha,
Sing debobotna Roh Suci, lair sekang prawan Maryam
Sing sengsara nang jamane Pontius Pilatus, desalib, séda terus desarékná, mudhun meng njero kratoné pati,
Nang dina ketelu gesang maning sekang antarané wong mati,
Munggah meng sewerga, lenggah nang sisih tengené Gusti Allah,
Rama sing maha kuwasa
Terus arep rawuh maning sekang kana nggo ngakimi wong sing urip karo sing mati
Inyong precaya maring Roh Suci:
Geréja sing suci karo sing esa; kumpulané wong-wong suci;
Pangapurané dosa;
Tangine wong mati;
Karo urip selawase.*

DOA SYAFAAT

(PL mimpin donga syafaat, ditutup karo Donga Ramané Inyong-padha)

Donga Ramané Inyong

*Dhuh Ramané inyong sing nang sewerga,
Asmané Penjenengan desucékna.
Rawuha Kerajaané Penjenengan,
dadia kersané Penjenengan nang jagad kaya nang sewerga
Paringi inyong-padha dina kiyé panganan sing secukupé.
Karo apurani inyong-padha sekang kelupatané inyong-padha,
kaya inyong-padha uga uwis ngapurani wong-wong sing luput maring inyong-padha.
Karo aja ngejorna inyong-padha nglakokna pegawean sing ala.
Ningén uculi inyong-padha sekang kuwasa sing ala.
[Merga Penjenengan sing kagungan Kraton, kuwasa karo kemulyan nganti selawas-lawasé. Amin]*

PISUNGSUNG

a. Macakna Dhasare Pisungsung

P : Sedulur-sedulur, siki awake dhéwék diwénéhi wektu nggo mujudna rasa syukuré awake dhéwék liwat pisungsung. Sedurungé awake dhéwék ngumpulna pisungsung, mayuh awake dhéwék padha nglandhési pisungsung kiye karo wacanan sekang Maleakhi 3: 10
10) Gawa'a kabeh pisungsung seprasepuluh kuwe maring njero lumbung, ben ana tandhon panganan nang umahe Inyong karo

jajal Inyong deuji, Sabdane Gustine jagad kiye, apa Inyong ora arep mbukak lawange langit nggo rika padha karo ngesogna brekat maring rika padha nganti turah-turah.

b. Ngumpulna Pisungsung

Umat Nembang ***Kidung Pasamuwan Jawi 157 : “Caosna Pisungsung”***

c. Donga Pisungsung

PENGUTUSAN

- P : Muga-muga Gusti Allah nresnani awake dhewek karo merdhekan awake dhewek padha.
U : Muga-muga Kiyambeke madhang awake dhewek nganggo pasuryane
P : Ben dalane Panjenengane dengerteni jagad
U : Keslametan sekang Panjenengane ngapurani kabeh bangsa
P : Muga-muga kabeh bangsa padha ngucapna sukur maring Gusti Allah
U : Mergane Panjengane kuwe adil gole mrentah kabeh bangsa
P : Nuntun kabeh bangsa nang jagad
U : Lemah wis ngetokna panenane
P : Gusti Allah mbrekati awake dhewek padha
P+U : ***Nembang KPK BMGJ 319 : 1 – 3 “Endahe Saduluran”***

BREKAT

- P : Gusti Allah mbrekati karo ngayomi rika padha. Gusti Allah madhang rika padha nganggo pasuryane. Gusti Allah maringi Sih Rahmate karo tentrem rahayu maring rika padha.
U : Nembang Halleluya 5X, Amin 3X

TEMBANG TUTUPAN

Umat Nembang Kidung Pasamuwan Jawi 319:1+3 Endahe Seduluran

Catatan : Semua lagu disajikan dengan syair bahasa Penginyongan sebagai kontekstualisasi dari Kidung yang dinyanyikan